

POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGO'EJOEBAN

JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,
J. KATS, M. SOERADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — GOENOENG SARI 84. — WELTEVREDEN

Eusina nommor 5.

Pihatoer Redaktie.	katja	65
Patilasan-patilasan di Banten.	"	66
Wajang	"	71
Pasoendan	"	75
Artos Langganan P. S.	"	79
Pihatoer Redaktie.	"	80

Pihatoer Redaktie.

1. Soegri anoe henteu ngintoenkeun artos langganan Poesaka Soenda elat-elatna doegi ka ping 15 December 1922, moal dikintoenan deui P. S.
2. Poesaka-Soenda No. 6 sareng

saladjengna moeng baris dikintoenkeun ka anoe parantos majar woengkoel. (Iwal moerid-moerid sakola anoe majar noengtoet).

3. Ti wangkid ajeuna ka pajoen, anoe ditampi djadi langganan tèh, moeng anoe moendoetna disarengan koe artos langganan baè.

4. Anoe henteu ngalanggan kènging ngageuleuh P. S. sanomerna pangaos f 0.30.

5. Anoe parantos nampi P. S. ti No. 1 dongkap ka No. 5 oepami teu ngintoenkeun artos elat-elatna 15 December tèa, baris ditagih sambetanana koe postkwitantie.

Patilasan-Patilasan Di Banten.

(Samboengan Poesaka Soenda No. 2.)

Sakoeloneun aloen-aloen ngadjegir Masjid Agoeng, di hareupeunana makè moenara, adegan anoe parantos koena pisan, tapi nja kawilang koeat tina geus sakitoe kahotna masih poegoeh djoenggiringna. Eta masjid katoet moenarana boeatan Hendrik Lucas Cardeel alias Wiragoena tèa. Di sadjeroneun koeta masjid beulah kalér, aja adegan anoe dikoeoebeng, di djerona nja makamna Kangdjeng Soeltan Maulana Hasannoedin sareng koelawargina anoe lalandes. Di dinja aja toedjoeh koeboeran anoe ngadjadjar, paésanana djadi papaés araloes pisan, nja èta: (ti kentja mapaj ka katoehoe):

1. Koeboeran Soeltan Abdoel Fadal.
2. „ Maulana Moehamad.
3. „ Pangèran Ratoe.
4. „ Maulana Hasannoedin.
5. „ Soeltan Abdoel Fatah.
6. „ garwa Soeltan Abdul Fatah.
7. „ Soeltan Abdul Nazar.

Ieu koeboeran dianggap karamat, dipoes-ti-poesti pisan, malah makamna dikeben dikoeamboean, siang wengi teu towong anoe ngadjaga, sareng pangdoepaan teu aja kandatna ngeloen baè, kadjaba dina poè Salasa sareng Saptoe.

Dina boelan Moeloed komo sabada lebaran mah, boh lebaran Poeasa boh lebaran Rajagoeng, mang rèboe-rèboe djelema noe djarah ka dinja, lain ngan ti salelewek Banten woengkoel, dalah ti anoe djaraoeh ogè mang pirang-pirang anoe ngahadja daratang ngaradon djarah.

Sakidoel-koeloneun adegan tempat koeboeran Soeltan Hasannoedin tèa, aja koeboeranana Soeltan Zainoel Abidin, teu pati dipoesti-poesti, teu ara dipoendjoeng-poendjoeng, kawasna teu pati dianggap karamat.

Saloeareun tèmboekan pagejè djeung masjid tèa beulah kidoel, malah saenjana mah beunang diseboet di djero masjid baè, dina hidji kamar leutik, aja deui koeboeran ngadjadjar, anoe dipoesti-poestina tjara anoe tadi baè koeboeran Soeltan Hasannoedin tèa, makè dikoeamboean nanaon. Demi anoe soemare di dinja nja èta (ti kentja mapaj ka katoehoe):

1. Soeltan Zainoel Asikin.
2. „ Zaidoel Aripin.
3. „ Moehamad Alioedin.
4. „ Zainoel Salihin.

Beulah ti kalér sisi èta masjid aja soemoer. Noemoetkeun tjarios Toebagoes Angling Koesoemah, kieu sasakalana èta soemoer tèh.

„Dina hidji mangsa Hadji Mangsoer keur aja di Mekah, hojong moelih ka Djawa, ladjeng baè lebet ka Soemoer Djamdjam, teras neroes boemi, nja ana pejtenghoel bidjil di èta soemoer. Lami-lami Hadji Mangsoer lebet deui kana èta soemoer, bidjil di hidji boelakan, dèsa Leuwipapan deukeut Tjimanoeuk. Liang oeroet andjeunna bidjil ka doea kali tèa, ditoetoe koe batoe, malah ari tjeuk sawarèh mah ditoetoe pna tèh koe koeraanna, anoe lila-lila ngadjadi batoe”.

Ari èta Hadji Mangsoer tèh dikoeboer-na di kampoeng Tjikadoeeun deukeut Pandèglang. Eta koeboeran dianggap karamat sarta oenggal Senèn djeung Djoemaah teu aja kandatna anoe djarah atawa anoe karaeol, geus komo deui ari dina boelan Moeloed djeung bada lebaran mah, moengpoengna djelema tèh nja tjara ka Banten baè.


Boelakan anoe deukeut Leuwipapan tèa ogè, henteu kaloeli-loeli sok diparoendjoeng dipakè panajogjaan; malah bédjana sahasaha anoe bisa ngodjaj ngoerilingan batoe oeroet toetoe liang tèa toedjoeh koeriling, tinangtoe kaboel sapanedjana.

Noeroetkeun katrangan Dr. v. d. Chijs, anoe kaoengel dina karanganana, Oud Batam, Tijdschrift Bat. Gen. djilid ka 26 katta 567, perkawis Hadji Mangsoer tèh kieu:

„Perkawis Hadji Mangsoer wartosna dina poè Djoemaah poekoel 6 isoe-isoe

**Lebah-lebahna tempat-tempat patilasan di Banten.
Schaal 1:15,000.**

1. Pintoe Gapoera.
2. Masjid Agoeng.
3. Masjid Patjinan tinggi.
4. Tilas pabèjan baheula, tempat toean Houtman handjat ka Djawa.
5. Stoplas Banten.



ti Banten ngambah wiati angkat ngawang-ngawang, soempingna ka Mekah mémèh poekoel 12, ngaboedjeng ngiring netepan Djoemaat di Mekah”.

Di sakidoeleun masjid tèa aja tiama, nja èta paragi netepan istri-istri, anoe kapoengkoerna sakalian sok dianggo sakola agama, malah nalika djoemeneng Soeltan Hadji mah dianggo sakola basa Arab.

Dina ieu tiama, dina lotèngna aja pakakas-pakakas paranti deboes, sababaraha hidji.

Beheulana mah ngadeboes tèh djadi pantjèn abdi-abdi di dinja dipedarna dina oenggal tanggal 12 boelan Moeloed.

Di tengah aloen-aloen handapeun tjaringin anoe geus kahot tèa, ngaranna tjaringin Poerwadinata, aja batoe nèmprak, ngaranna „batoe gilang” anoe baheulana tempat ngistrènan ponggawa kasoeltanan anoe naraèk pangkat.

Lian ti batoe gilang anoe di handapeun tjaringin tèa, aja deui „batoe gilang” sèdjèn, pernahna sakidoel-koeloneun aloen-aloen, di pipir hidji imah oerang priboemi. Ieu mah batoe gilang tèh aja sasakalana, kieu sadjarahna:

Dina hidji poè, Maolana Hasannoedin ningali anoe goembjar di tengah laoet, nigali anoe goembjar di tengah laoet, ènggal koe andjeunna diboedjeng, barang soemping kana kikisik, ningali hidji batoe ngambang di sagara, ditoenggangan koe hidji djelema anoe montjorong sorotna soemirat, lir srengèngè noe nembè medal. Maolana Hasannoedin nantjebkeun tete-kenna kana keusik, sarta dadak-sakala laoet djadi soeroed, ènggal andjeunna angkat ka tengah sagara nepangan anoe katingali keur nitih batoe di laoet tèa. Demi èta anoe toenggang batoe tèh, pandita Boeda, djenenganana Goeroe Djampang. Barang parantos gok patepang, sarta sa-toetasna silih pariksa djenengan, dek njarioskeun èlmoe, sawala bagbagan agama.

Goeroe Djampang henteu kersa, toemoet kana pamoendoet Maolana Hasannoedin ngagentos agamana, mandjing kana agama Islam. Pamoendoetna Maolana Hasannoedin, soepaja Goeroe Djampang kersa madèpokan linggih di dajèuh Banten, ka-

lawan teu koedoe pindah kana agama Moe-hamad, koe Goeroe Djampang henteu dilaksanakeun. Ti dinja sok Goeroe Djampang maparinkeun endog manoeuk prit, ka Maolana Hasannoedin, sarta miwarang soepaja èta endog ditoempoekkeun. Koe Maolana Hasannoedin ditoemoetkeun sa-koemaha pamoendoetna, prak endog manoeuk tèh ditoempoekkeun, tapi kakara toedjoe toempang, endog tèh roeboeh. Koe Goeroe Djampang ditjarioskeun jèn èta tèh totondèn, baris ngan tepi ka toedjoe toeroenan, poetra poetoe Maolana Hansanoedin iasana ngasta kakawasaan, njepeng pamarèntahan. Goeroe Djampang djang-dji, baris nangtajoengan Karadjaan Banten, sawangsoelna Maolana Hasannoedin koedoe nekanan djangdjina, ngawajang dina oenggal-oenggal minggoe. Saparantos Maolana Hasannoedin njembadaan kana samoedaja soebajana, Sang Pandita Boeda Ki Goeroe Djampang tèa mah les baè salira moertja sirna ngahijang ti artjapada.


Demi batoe oeroet toetoenggangan Goeroe Djampang tèa, nja ditjandak ka nagara, diteundeun di aloen-aloen di dadasaran koe bata masagi, loehoerna kira-kira $\frac{3}{4}$ M. Eta batoe ngabakoe dianggo pang-tjalikan Soeltan ditoempangkeun kana djoli ladjeng digotong, dianggona dina mangsa magelaran kempelan djeung abdi-abdi. Nja kitoe deui ieu batoe sok dianggo netepan koe Kangdjeng Soeltan. Oepama aja dawoehan Soeltan anoe koedoe dièmbarkeun, nja sok di dinja deui dina batoe gilang tèa, ngadegna oetoesan anoe ngawarkeun timbalan tèh. Demi djolina, (korsina) anoe sok ditoempangan koe èta batoe gilang tèa, ajeuna aja kènèh disimpen di Gedong Gadjah (museum) di Batawi.

Teu sakoemaha tebihna ti tilas dajèuh Banten, aja tempat anoe disebatna Karang Hantoe, pernahna sisi waloengan beunang ngali anoe bras ka laoet. Ieu solokan ajana di kampoeng Kaja.

Di pasar Karang Hantoe aja mariem gedé ngaranna Ki Amoek, disaoengan di hadè-hadè, da sok dipoendjoeng dipararoedja, nja èta tjariosna èta tèh, salah sahidji mariem anoe didjoeal ka Walanda koe poetri Tandoeran Gagang poetra Ratoe Mandapa. Ari mariem anoe doea deui

Patilasan-patilasan di Banten
Schaal 1: 15,000.

- A. Goeha di kampoeng Banten.
- B. Batoe gilang, handapen tjaringin Poerwadinata.
- B. Batoe gilang, tilas Goeroe Djampang.
- C. Makam Maolana Hasanoedin
- D. Masdjid Agoeng.
- E. Makam Maolana Abdoel Moefachir.
- F. Tiama, paranti netepan para istri.
- G. Tjaringin koeroeng.
- H. Djambatan rantè.
- I. Goeha torowongan. (di djero taneuh).
- K. Gapoera.



nja éta si Sapoe Djagat; sareng si Santomi (Ajana di djero setinggal (pasèban) di karaton Solo; dikeben di tengah-tengahna. Sapoe Djagat ogè di Solo kènèh diteundeunna di hareupeun setinggal di aloenaloen).

Tjariosna oepami ieu mariem tepoeng sareng si Djagoer, bakal ngadeg hidji karadjaan gedè. (1)

Di peuntaseun pasar baheulana aja kampoeng, ngaranna kampoeng Kasoman, noeroetkeun ngaran masdjidna, tapi ajeunah mah geus teu aja oeroet-oeroetna atjan. Paeunteung-eunteung sareng tjaringin anoe ajeuna masih aja kènèh, di dinja tèh baheulana oeroet boemina Imam, ari saki-doeleun masigit anoe ajeuna geus moesna tèa, baheulana oeroet boemi Pangèran Achmad, poetra Soeltan Abdoel Moefachir Mochamad Alioedin.

Deukeut ieu waloengan aja djalan anoe bras ka Pontang, anoe ngan tinggal ngaranna baè djalan sotèh, da parantos teu beunang-beunang atjan diliwatan, tina tara ditjabak geus tara dipiara. Baheulana mah ieu tèh oeroet djalan loeloegoe, katjiri dina pal-palna anoe aja di sisi djalan.

Teu tebih ti pasar Karang Hantoe aja oeroet Bèntèng baheula, ngaranna bèntèng Speelwijk, pernahna deukeut moeara Tjibanten.

Nalika Toean Besar Idenburg ngasta kakawasaan di Hindia, ieu tilas bèntèng diomèan, dibabad tatangkalanana, sarta saladienona dinoelasara dihadè-hadè.

Ieu bèntèng diadegkeunana dina taoen 1685. anoe sangeusna anggeus dingaranan *Sneebwijk*. kawasna ngalap dienenganana anoe dijadi toean Besar harita. nia éta Toean Besar *Sneelman*. Ieu bèntèng tèh tadina nia goedang, nia tangsi nia boemi nangagoenga, ngahidji baè di dinja. Dina taoen 1802 ieu bèntèng diparios koe Toean van IJsendijk nja harita ogè geus raroek-sak, kadjaba sawarèh-warèheun anoe karendak rada hadè kènèh.

4 *Djagoer* téh basa Kawi hartina *peureup*. Anoe matak ieu mariem disehoet si Djagoer, kawasna pedah dina poehoena deukeut pasombonna, aja anoe njohtjor dibangoenkeun leungeun keur mourop.

S. d. R.

Iraha ieu bèntèng ditingalkeunana koe bangsa Walanda, teu aja katrangan anoe pasti, ngan kawas-kawasna dina djaman Toean Besar Daendels.

Sawètaneun ieu bèntèng aja koeboeran Walanda, anoe ajeunana mah *dipoelasara dewi*. Sakalèreunana aja *lingga sètra* (graf-monument), anoe dikoeboer di dinja kawasna soldadoe-soldadoe anoe marabt waktoe éta bèntèng aja noe nempoeh, da ari toelisanana mah teu aja, teu sapertos koeboeran anoe sanès.

Teu djaoeh ti tilas bèntèng beulah ki-doel, aja kelentèng anoe adeganana beleger kènèh, di djerona aja Tapèkong anoe mas-hoer pisan, tepi ka ajeuna masih kènèh sok dipoendjoeng-poendjoeng, beurang peuting ngeboel baè koeoes, sareng teu kandat teu towong, koe koentjenna di djaga dikemitan.

Di sakalèreun kelentèng baheulana aja pabèjan kagoengan Soeltan, nja di lebah dinja pisan mimitina bangsa Walanda, nja éta toean *Houtman*, dina taoen 1596, nintjakeun dampal ngoenggahan darat poelo Djawa, noe djadi bibit kakawasaan Koempeni, liar njaliara ka sakoeliah Hindia.

Sakidoeleun kelentèng dina sisi djalan karèta api, aja tilas masdjid, baheulana (di dinja tèh) disehoet „*Patjinan tinggi*“, ari ajeuna mah ngan kari oeroet moenarana baè katingal kènèh di tengah-tengah noe bala. Baheula mah éta moenara tèh, loehoerna kira-kira aja 12 Meter, direngga-renggi koe roepa-roepa papaès.

Ti dieu aja djalan ka Tasikardi. (*Tasik* hartina sitoe atawa talaga, *ardi* hartina Goenoeng) nja éta pasanggrahan, tempat kalangenan Soeltan Ageng. Djalan ka Tasikardi tèh ngaliwat hidji adegan, ngaranna *Pangindelan* hartina saringan, anoe diadegkeunana taoen 1701. tiai Tasikardi dikotjorkeunana ka Kota Inten djeung ka Bèntèng Epeelwijk tèa, make solobong timah. Di djerona ieu pangindelan ngagolèndang dipalèstèr. Bèdjana koe Soeltan Pangèran Ratoe, di dinja tèh dianggo panjitakan doeit tamaga, noe doeitna makè tjap Pangèran Ratoe.

Kira-kira saKilo Mèter djaoehna ti pangindelan, djol datang ka hidji Sitoe pasagi anoe lega pisan, pandjangna kira-kira

doea ratoes Meter, nja ieu anoe ngaran Tasikardi tèh. Di tengah-tengahna éta sito, aja noesa sakoerilingna dihambaro koe tèmboek, anoe loehoerna 2½ Meter, nja di éta noesa tèa ajana pasanggrahan kalangenan Soeltan Ageng tèh.

Tjaina ieu Tasikardi lian ti inoemeun oerang dajeh, nja éta baris njaiian sawah-sawah noe dareukeut ka dinja deui.

Ti Tasikardi aja djalan noeteroes ka kampoeng Kanari, nja éta ka pakoeboerana Soeltan Abdul Moefachir Machmoedi Abdul Kadir. Ieu makam deuk mèh tjara makamna Maolana Joesoef. Dorana ngabangoen potongan Hindoe.

Sakoemaha anoe parantos ditjarioskeun di loehoer, jèn mimitina mah teu aja noe tiasa nerangkeun pernahna patilasan Kota roeboeh mah, namoeng ari ka oèh dieuna-keun mah nja kènging ogè bongbolongan.

Noemoetkeun karangan Dr. de Haan, dina boekoena anoe ngaranna „Priangan”, ditjarioskeun jèn kawasna éta Pasanggrahan tèh, ajana di Tirtajasa, tapi noemoetkeun saorna Kangdjeng Dalem Sérang, sareng kateranganana Dr. Hoesein Djajadiningrat, kawasna geus moal salah deui; jèn Kota roeboeh tèh ajana di Kampoeng Kanari.

WAJANG.

(Beunang njoetat tina boekoe karangan Toean J. Kats). ✓

I.

ASAL MOEASALNA WAJANG.

Oepama oerang hajang njoektjroek asal moeasalna wajang, lian ti mapaj padalangan anoe masih kènèh ilahar gelar ajeuna, taja deui djalanna anoe langkoeng

perjoga kadjaba ti koedoe ngoengkab kitab-kitab djeung boekoe-boekoe baheula anoe eusina njabit-njabit kana bab éta.

Dina serat-serat koena anoe parantos kapendak, makè titimangsa taoen A. D. 860, di dinja kaoengel aja omongan DJOE-ROEBARATA, anoe hartosna: DALANG, moeng ari katrangan anoe nèteiakeun lakon mah di dinja tèh teu aja.

Anoe langkoeng tètèla raratanana kaoengel dina wawatjan ARDJOENA WIWAHA anoe kawentar pisan kasaèanana, anoe dikarangna dina wiwitan windoe ka sawelas, djaman AIRLANGGHA djoemeng Radja. Kieu pisoendaemunana:

„Rèa anoe moeroeboet tjisotja anoe naringali wajang mah, tina ngangres manah kagagas, kasoeat koe panjoerahan, nadjan noe ningal pada tarerang ogè, jèn éta mah anoe atra koe sotja tèh, ngan oe-koer koelit toehoer beunang ngoekir, dipe- takeun bisa ngoetjap tjara djalma. Moeng- goeh koe anoe naringal, wajang tèh dieun- teupkeun kana oepama, ka djelema anoe kasengsrem koe doenja, anoe pada baroga pangira reudjeung panjangka, sarta boeta moena teu oeninga, jèn anoe goemelar awas koe tingal tèa, ngan oe-koer wawa- jangan woengkoel, sindir silib ti noe èstoe sadjatina”.

Dina serat Djawa koena, anggitan dina windoe éta kènèh, nja éta dina tjarios TANTOE PANGGELARAN, aja katrangan anoe oengeln, Batara Siwa, Batara Brahma, sareng Batara Wisnoe, ti Kahija- ngan pada loemoengsoer ka boeana pantja tengah ladjeng sadaja ngawajang (AWAJANG NIRA). Ari ngawajangna tèh nja nganggo kekelir (MAKELIR SIRA). Koelit inoekir anoe djadi wajangna (WALOELANG INOEKIR MAKAWA- JANG NIRA).

Dina tjarita anoe dikarang heulaut sa- windoe ti harita, kapendak deui katrangan wajang tèh, malah di dinja mah disebat- keun parantos dibaroeng koe gamelan (ta- tabeuhan). Nja éta anoe kaoengel dina sa- hidji pada piwedjang didangding Wretta- sandjaja, anoe titimangsana kira-kira di- na tengah windoe ka doea welas. Noemoet- keun salinan Toean Prof. Kern kieu oe- ngeln:

„Goenoeng-goenoeng njoesoeroep nga-loengsoer semoe, ngalamoek halimoen iboen, lir, kelir, anoe ngadingding, awas njatjas loemenggang tjaang, atra ningal tatangkalan, kadia wajang wawajangan, katata moenygging ing panggoeng. Hiliwir sondari kasilir angin, melas-melis narik sari loemengisna sora soeling. Manoeck-manoeck pada ear disarada, kapiarsa sada najaga njaronan, patempas djeung patembalan, narimbang haleuang leidang. Merak ngibing moeni kawih binangoen lagoe mandraka”.

Pikeun panambih kana katrangan, ieu dilebetkeun KAKAWEN dalang, anoe ajeuna masih kènèh biasa kadangoe. Koe margi dalang kakawenna koe basa Djawa Kawi, ieu ogè noeroetan dalang baè, diserat satjeplèkna soepados kaoninga koemaha pok-pokanana.

Swoeh rep datapitana: anenggih waoe kotjapa nagari poendi ingkang kaéka adi dasa poerwa; éka: sawidji, adi: linoewih, dasa: sapoeloh, poerwa: kawitan. Sanadjan katah titahing dèwa, kang kasangga pratiwi koengkoelan ing ngakasa, kapit ing samodra, katah kang ngganararas, mboten wonten kados nagari ing Mandraka, mila kinarja baboeka, kotjap nagari satoes tan angsal kakalih: séwoe tan antoek sadasa. Dasar nagari pandjang apoendjoeng, pasir woekir loh djinawi, gemah ripah, karta rahardja, pandjang dawa potjapané poendjoeng loehoer kawibawané, pasir samodra: awoekir goenoeng, dasar nagari ngoengkoeraken pagoenengan, angèringaken pasabinan nengenaken bangawan ngadjengaken bandaran ageng. Loh: toeloes ingkang tinandoer, adjinawi: moerah ingkang tinoekoe, gemah: katanda ingkang alakoe dagang: rintén daloe loemampah tan ana pedoté datan wonten sangsajani-rèng margi, aripah: katanda ingkang sami gagrija salebeting nagari ing Mandraka, pangraos adjedjel tepoeng tjoekit adoe taritis saking gemah hardjaning nagari; karta: katanda kawoela ing padoesoenan ingkang lampah tatanèn, angingoe kebo sapi bèbèk ajam tanpa tjinantjangan, jèn rina sami agelar anèng pangonan, wantjining daloe wangsoel marang kandang

asowang-sowang, saking kalising doerdjana pati, rahardja: déné tebih parangmoeka, toewin abdi Mantri Boepati tan wonten lampah tjatjetilan, atoet roekoen enggonira ngangkat karjaning ratoe, mila nagari ing Mandraka kéringan ing ngaman-tja pradja, dasar nagari Mandraka gedé oboré padang djagadé doewoer koekoésé adoh koentjarané, mboten ing tanah Djawi kémawon, sanadjan tanah sabrang katah ingkang asoewita. Mila sabèn antara mangsa sami atoer poetri pananoengkoel, atoer oepekti asok glondong pangarengareng, asoeng papoendoetaning ratoe: péni-péni radja/péni goeroe bakal goeroe dadi. Wenang dipoen oetjapaken djadjoeloe-king Narèndra ing Mandraka. Praboe Narasoma: ratoe sarèh marang dasih, Salja: ratoe wijar tjatjawanganing panggalih, Madradipa: ratoe linoewih, Madrakéswara: langkoeng loehoer, Somadenta: toetoe-king gading, pranjata Sri Boepati ing Mandraka ambeg pinandita. Mila katah pradja noengkoel aris tanpa pinoekoel ing joeda, saking koengkoelan pambekaning ratoe, déné Sri Boepati ing Mandraka agoeng danané, paring sandang wong kawoedan, soeka teken wong kaloenjon, asoeng koedoeng ing kapanasen, paring pangan ing djanma kalowèn, karja, soekané prihatin. Toehoe tan kena winantji danané Sinoehoen ing Mandraka, jèn ta ginoenggoenga wijaring djadjahan loehoering kaprabon toewin panbekaning ratoe: sadaloe tan wonten pedoté, pinoeggel ingkang moerwèng kawi Sinigeg. Anoe joe ari respati Sri Nata mijos siniwaka moenggèng sitinggil binata rana, alenggah ing dampar denta, pinalipit ing retna pinatik ing sasotija dadasar baboet pramadani, sinebaran sari ginanda wida djebad kastoeri, dèn ajap parekan badaja srimpi manggoeng lan katanggoeng ingkang ngampil oepatjara: banjak dalang Hardawalika sawoenggaling Dwipangga ingkang sarwa retna.

Kineboetan badak ing kanan kèri, kongas gandané Nata doemoegi djawi panggoerakan, sirna manoengsané katon kadi Djawata Batara Samboe dènajap para widadari. Rep sidem pramanem tan ana abané walang ngalisik, godonging kakajon tan

ana ob
swara
kang
swaba
masar
mel, t
wakar
darag
kilan.
poenil
sih Ra
hajata
Arja
sa Na
mang
poen
pamb
wanti
roepa
Retna
kados
rana,
ingka
pati k
ring
haker
roepa
.....
Dir
ngada
DHA
bab
nana
kieu
„Ba
ngan,
game
melai
narik
Kang
hawa
raan.
gèr
nang
(K
bang
roen
K
geus

ana obah samirana tan loemampah, amoeng swarané peksi engkoek lawan peksi djalak, kang moenja loehoering taratas, toewin swabawaning ebdi pandé gending lan kemasan ingkang taksih sami njamboetdamel, tjat kapireng tjat mboten saking paséwakan pating tjarengking imbal lir mandaraga, teka moewoehi senenging panangkilan. Sinten ingkang tjaket ing ngarsa poenika, poetra ingkang waroedjoe akekasih Radèn Roekmarata, kalih Ki Patih Toehajata, ngirid tjaraka Ngastina radèn Arja Sangkoeni, sampoen oemarek ngarsa Nata. Kotjap maha Praboe Salja arsa mangoen bodja wiwaha, ingkang badé dipoen angkat ing karja: ingkang poetra pambadjeng wanodija kakasih Retna Erawanti, badé dinaoepaken kalih Praboe Koe-roepati. Dèrèng kalampahan daoep, Sang Retna sirna saking prenahing pagoelingan kados pinoeloeng ing Djawata tanpa warana, sakatahing parekan mboten wonten ingkang sami woeninga, temahan Sri Boepati kémengan badra érawan. Sampoen paring woeninga dateng Ngastina, amasrahaken sirnaning Sang Poetri. Praboe Koe-roepati waoe sampoen njagahi ngoepaja.

.....
 Dina taoen 1157, Empoe Sedah geus ngadangding lalakon BHARATA JOED-DHA, di dinja ogè kaoengel deui toetoeran bab wajang tèh, anoe sapada aja salinanana dina boekoe karangan Dr. Hazeu, kieu oenina:

*„Bangkong-bangkong disarada di wahan-
 gan, sorana reang kapireng, tandingan
 gamelan wajang. Sondari kasilir angin,
 melas-melis lir noe njoeling, adoe manis
 narik sari, pangbaroeng sora gamelan.
 Kangkengkong alokna bangkong, hawar-
 hawar dina somang, sada modjang noe njo-
 raan. Kawih kasir tarik ngingkring, be-
 gèr panambah hègar, loejoe soeroep mi-
 nangka ketjtrak kamanak”.*

(Kamanak tèh itoeng-itoeng ketjtrak, bangoenna siga tjaoe, anoe didjieun paroenggoe).

Koe lantaran katrangan-katrangan anoe geus disebut di loehoer, Dr. Hazeu dina ka-

ranganana parantos ngaragragkeun saer kieu:

1. Ti alam Airlanggha (Wiwitan windoe ka sawelas) djoemeneng Radja di Kediri, di Djawa geus gelar wajang.

2. Babaranana wajang tèh koe koelit inoekir, kalangkangna moengging kelir dilalakonkeun koe anoe djadi dalang.

3. Tanda koena-koenana babaran wajan, nepi ka Boedjangga noe nganggit Tantoe Panggelaran, nerangkeun papajana, jèn wajang goemelar di alam doenja ti djaman para Dèwa sok toemoeroen kènèh ka boeana.

4. Djaman koena ogè ngawajang tèh geus djadi kalangenan panarik ati sadaja, nepi ka djadi katjapangan para boedjangga harita. Babandingan kembang basa dieunteupkeun kana wajang.

5. Kawasna geus teu sak deui jen ti baheula, komo ari ti semet windoe ka doca welas mah, wajang tèh geus dibaroeng koe gamelan, anoe ngabakoe pikeun dina wajan woengkoel (Toedoeng, saron, kamanak dj. s. t.).

6. Eusi tjaritaan anoe dilalakonkeun djadi panarik ati, njerep kana sanoebarina noe ningal, noe matak beheula mah mèh ngabakoe taja kendatna aja noe nanggap wajang, minangka pang hoedang loeang.

Djadi oepama oerang njoerèang ka toekang, mapaj latjak noe geus katintjak, bisa njata jèn kabiasaan kalangenan djeung soegri anoe toemerap kana manah tèh, èta njata anoe geus matoeh dina windoe, ngalemah dina mangsa heula, kakara bisa ngantjik dina ati, njaliara kana rasa, henteu ngambang ngajangkan di loear. Sangkan poegoeh soeroep kana tangtoeng oerang teu tjoekoe koe goeroeng-goesoeh, ana gantjang matak pintjang. Geuning Djawa kana wajang dalit ngahidjina djeung harti, nintjak djembarna poesaka, lantaran kalanaan natrat teu pegat-pegat, . . . siki taroem boeah rinoe.

.....
 Djadi koemaha ti mana atoech asalna wajan tèh?

Naha èta tèh enja pitoein bibit boeit anggitan Djawa, atawa tironan ti oerang

kosta, ti sèmah noe baloeboeara di oerang? Atawa poesaka Djawa anoe ditjampoer-tjampoer djeung bawa sèmah anoe ngaradon ngoembara, atawa Djawa noe toeroet moending, ka sarad koe anoe baroeniaga tèa?

Aja anoe njeboetkeun jèn wajang tèh titiron ti oerang Hindoe. Lamoen enja wajang tironan ti Hindoe, atoe koedoe aja raratjik dina roetjatanana anoe kaselapan Hindoe. Tapi dina wajang mah, saparantos dihaben ditaloengtik diboelak-balik welèh henteu kapendak Hindoena dina pokona mah, kadjabi ari dina sesembèna mah, ari galoerna èstoe satjèrèwèlèna Djawa, sarta nja di dieu pisan goemelarna ogè, djadi piteoin ratjikan Djawa sadjati. Malah saoe anoe oeninga, oerang Hindoe mah teu bogaeun-bogaeun atjan, toemamoe kana wajang mah. (Oelah kaliroe, anoe tjerè Djawa tèh sanès lalakon, tapi *ngawajangna*, sapertos dina ogèl, anoe toelèn Soenda tèh ngogèlna, sanès toetoeananana atawa ngabodorna, S. d. R.).

Demi anoe djadi wiwitan pang gelar aja wajang tèh kieu toetoeananana:

Mèh antero oerang dieu, oerang Hindia, ilahar pada pertjaja kana bangsa lelemboet, sarta èta lelemboet tèa (njawa anoe geus maraot) dianggap kawasa. Nja lelemboet tèa dina kapertjajaanana anoe disangka bisa nangtajoengan ngaraksa ngadjaga ka anak intjoena, ka kadang koela wargana, djeung ka bangsana, disambat dina sagala karerepet, beunang dipoentangan dipéntaan toeloeng, tjindekna nja ka dinja moehitna. Ari sababna pang sakitoe pertjajana tèh, tina ingetanana, tangtoe lelemboet anoe geus ngabandan aloes mah, leuwih kawasa batan anoe ngaraga badag. Nja koe lantaranan lelemboet tèa anoe djadi pamoechitanana pangsoedjoedanana, toeloej dipoendjoeng digajoeh, diloengsoer linggih disambat-sambat sina soemping ka imahna, anoe ilahar koe makè djalan kasaroe mah an, kasandingan, kaseroepan djeung sapapadana. Ngaloengsoerna para lelemboet tèh geus aja atoeranana, koedoe sadia kadaharan roeroedjakan seuseungitan, paroekoejan teu meunang kaliwat, sasa-

djèn keur njagikeun karoehoen anoe soemping tèa. Koe lantaran, èta djeung ka dinja soemoedjoedna, nja peta djeung oesaha kitoe tèh, disangka sarta karasa koe marnèhanana matak rahajoe, djaoeh balai parek redjeki.

Demi pikeun linggihna atawa pangautjikanana èta lelemboet dina waktoena keur digajoeh tèa, ditempat sèdjèn mah, dalah di dieu ogè, disadiakeun wongwangan.

Ari lila sakeudeungna linggihna di anoe njambat tèa dina sangkana, èta karoehoen tèh, koemaha mantengna noe ngagajoeh djeung koemaha sasadjèna, anoe matak sok saaja-aja disadiakeun ti anggalna, naon kasedepna, naon karesepna, ngarah lila merenahna di manèhna. Di poelo-poelo sèdjèn tepi ka kiwari masih rèa kènèh anoe metakeun tarèkah gajoehan koe wongwangan, dalah di oerang ogè nja aja baè.

Noeroetkeun kapertjajaan sawarèh djelèma, èta lelemboet karoehoen tèh toemoeroenna mangroepa kalangkang, tjara dina kapertjajaanana oerang Griek djeung oerang Romeinen. Ari anoe masih natrat ti baheula tepi ka ajeuna, anoe kitoe kapertjajaanana tèh, nja babakoena bangsa oerang dieu. NJA TINA KAPERTJAJAAN IEU bibitna mah, pang gelar aja wajang di oerang tèh, niroe wawajangan kalangkang karoehoen anoe toemoeroen ka alam lahir, dieunteupkeun ngarah èprèh kana kalangkang noe moengging kelir tèa. Èta sababna noe matak wajang tèh, geus aja ti djaman boehoen kènèh, djaman iman Djawa teu atjan kahindoean kaaranban.

Djadi goemelarna wajang mah ti samémèh aja Hindoe, anoe matak oenak-anikna teu kaselapan papaès Hindoe.

Bangsa Tjina ogè jaktos pisan parantos ti baheula deui baroga atoeran tjara wajang, tapi lain-lainna deui djeung atoeran wajang Djawa. Djadi geus teu samar deui, taja petana wajang Djawa mah titiron ti Tjina tèh.

Ari koe kitoe tèa mah nja teu matak hèlok lamoen aja binih harti anoe djadi di hidji bangsa, woeri-woeri di ahir mèngeper mèh saroca djeung anoe timboel di

batoer, meureun pada-pada baé saadjangna saadjangna, djawadah toetoeng biritna.

Naon atoech ari maksoedna wajang tèh?

Naha éta tèh ngan keur karesepan woengkoel, dihadja didjieun tatanggapan tamba kesel, pikeun ngabangbrangkeun ngaledjar manah, atawa aja teroesanana aja soeroepan djero-djerona?

Koe Dr. Hazeu parantos didadarkeun etjès dipesèk èsèna. Eta pamendak Dr. Hazeu tepi ka ajeuna teu atjan aja anoe njawalaan.

Saoerna dina karanganana: Soegri anoe ningal wajang, anoe lain ngan woengkoel laladjo baé, tangtoe sapoeke sarta tangtoe roedjoek kana njeboet jèn wajang mah, lain laladjoaneun ngarah bobodoran baé, tapi woeroek noe asoep kana agama, djero oedangeunana.

Tongtonan anoe asal papagon agama tèh lain ngan di dieu baé noe aja tèh, kapan di bangsa Hindoe djeung di bangsa Griek ogè aja, saperti anoe parantos karoeninga koe sadaja perkawis toenil, nja sami baé sareng wajang di oerang, pada njokot poko tina pangadjaran agama, baheula dipakè sarat moemoedja ka Dèwa ka noe kawasa. Malah koe Prof. Poensen ditaatan naon hidji-hidjina ratjikan anoe ajeuna masih karasa kènèh teu lèsot tina patokan agama. Dina wajang ogè, anoe boekti baé tandana bidjil tina agama tèh, nja éta Sasadièn, ngoekoes, pantrangan-pantrangan dj. s. t.

Djadi tjindekna wajang tèh: Warisan roendajan agama boehoen, ageman karoehoen oerang baheula. Demi anoe djadi Dalang, baheula mah koe-doe doekoen toekang ngarajoeh lelemboet (Oorspronkelijk een medium) anoe bisa ngemat ngawihan lelemboet karoehoen, sarta pandanganana teu ingkar tina papagon agamana.

Tina kapertjajaan ieu, nja oendak kana gelarna kelir pawajangan, ngarah atra katingal koe sadaja, noedjoe maksoed ngawoedjoedkeun lelemboet karoehoen, anoe dina imanna koemalangka ngatingalna tèa.

Lawas ti lawas nja beuki oendak pang-rèkana tepi ka kawih sindir djeung pangemat pamoehitan ka dedemit tèa, kasilih koe oekir koelit noe awit moeng oekoer oeroet parobot. Ari toengtoengna pisan mah, nja ngan ningal noe èbrèhna baé, wajangna noe djadi toengtoeng saoyer, dilalakonkeun, didalangan, toeroen toemeroen tatalèpa tjarita, bédja pabédja-bédja deui.

Nja kitoe deui bibit tjarita anoe awit. tjarita Djawa tjarita oerang dieu, mèh leungit moesna sadaja, lantaran kalindih koe lalakon Hindoe, njokot poko tjarita Maha Barata, anoe ngagoengkeun kaloe-hoengan loeloehoer Hindoe.

Lalakon-lalakon koena, nja teu moesna pisan aja njangkaroekna, njésa tinggal kakarèna, nja éta saperti lalakon Watoe Goenoeng, Mikoekoehan Sri Maha Panggoeng, Kandi Hawa, Pohatji, dj. s. t.

Engkè dikadjengkeun deui bagian ka doca.

Pasoendan.

Samboengan P. S. No. 3 katja 37. → ?

Tahoenna ogè henteu ditoelis. Beunang satèh didoega jèn harita antara windoe ka 4 djeung ka 5 koe sabab aksarana aksara *Palawa*, ari aksara *Palawa* tèa ajana nja antara windoe ka 4 djeung ka 5. Rèa batoe-batoe anoe digambaran kembang taraté. Eta djadi tanda jèn *Radja Poernawarman* agama Wisnoe, sabab kembang taraté tèh tjiri Dèwa Wisnoe. Di Toegoe wètaneun TandjoengPrioek kapanggih aja batoe anoe nerangkeun sagala damelanana sahidji radja toeroenan *Poernawarman* tèa. Dina ka 22 taonna andjeunna ngasta karadjaan, andjeunna ngadamel solokan, tjaina ti Tjitaroem. Pandjangna éta solokan koerang leuwih 9 K.M. (± 6 pal).

Waktœ harita éta radja maparin sarè-boe sapi ka Brahmana-brahmana. Bisa djadi district *Kandangasapi* djeung *Bekasih* djadi tanda pangèling-ngèling waktœ maparin sapi tèa.

Aja hidji Tjina ngaranna *Fa Hiën*, djarah ka karamat-karamt Boeda di Hindoestan. Waktœ moelangna toempak kapal dagang, singgah heula ka Sélong taoen 414. Kawasna baè djaman harita oepama lajar ti Hindoestan ka nagara Tjina sok njimpang heula ka Djawa koelon, sabab makè ditjaritakeun, jèn sanggeus 90 poè kalawan pirang-pirang kasoésahan, nepi ka Djawa koelon. Didinja matoeh meunang 5 boelan. Djeung deui ditjaritakeun jèn djelemana di Djawa tèh njembah berhala, taksiran nja éta oerang Pasoendan. Djeung aja noe agamana agama Brahma tjenah. Ieu taksiran oerang Hindoe. Bangsa Boeda beunang diseboet teu aja baè. Bangsa Tjina teu ditjaritakeun. Tajohna baè teu aja. Eta Tjina moelangna djalan ka Kanton, toempak hidji kapal dagang. Eta kapal noe toempakna kabèhna aja 290 djelema, nja éta soedagar-soedagar bangsa Hindoe djeung salian ti éta.

Kawasna baè karadjaan Taroemanagara djeung boeana Tjina sosobatan lantaran dagang.

Dina taoen 435 Radja Djawa koelon ngiangkeun oetoesan ka Bocana Tjina. Moal gagal éta oetoesan njanggakeun kagegelan, ngaraketkeun persobatan, kawantoe Maharadja Tjina gedè kakawasaanana.

Ngan kakara sakitoe para Poedjangga meunangna katrangan tina hal nagara Taroemanagara.

Sanadjan oerang Hindoe harita geus pinter, pikeun oerang Pasoendan teu matak madjoe, da papaharè hiroep tèa. Moal gagal pikeun oerang Pasoendan djaman harita, mah èlmoena oerang Hindoe tèh loehoer teuing, teu kahalartiu. Katoeroegtoeroeg oerang Hindoe mangsa harita ajana di dieu tèh èstoe nèangan kaoentoengan woengkoel, henteu pisan boga tèkad hajang minterkeun oerang Pasoendan, anoe sakitoe barodona.

Sabaraha lilana ngadegna karadjaan Taroemanagara, iraha roeksakna, éta para Boedjangga teu atjan mendak ka-

terangan. Ngan ditjaritakeun dina mimiti windoe ka 6 datang deui oerang Hindoe ka Djawa koelon, maratoehna deukeut Bakasih. Didinja kataradjang deuhla, bédjana lantaran pageboeg, toeloj parindah ka Djawa tengah, njeun karadjaan anjar, diseboetna karadjaan Kalinga, hartina nagara oerang Keling, pernahna di Djapara ajauna.

Djadi tjampoerna oerang Hindoe djeung Djawa mah bèh dieu, kira-kira gantoeng 2—3 ratoes taoen ti waktœ Hindoe njitjangan Djawa Koelon.

Waktœ Hindoe tjampoer djeung Djawa, harita bangsa Djawa tangtoe geus leuwih pinter batan oerang Soenda 2—3 ratoes taoen katoekang, djaman ngadeg Taroemanagara.

Koe sabab oerang Djawa, tjampoerna djeung oerang Hindoe, geus palinter, tangtoe bisa nampa, bisa ngarti, kana kapinteran oerang Hindoe. Anoe matak èlmoer oerang Hindoe di Djawa mah katjida njaliarana.

Djaman oerang Hindoe njitjangan Djawa tengah, ramè ngadegkeun tjandi-tjandi djeung artja-artja, oepamana: di G. Dièng, di Djogja Tjandi Kalasan, di Kedoe Tjandi Boroboedoer, Tjandi Mendoed djeung salian ti éta. Djaman, harita di Djawa koelon mah tjombrék tiiseun baè, teu katjatoer karadjaan.

Nimoe deui nja karadjaan di Tanah Soenda di taoen 1030, nja éta nagara Soenda (Pasoendan), noe djadi radjana hidji radja *Djawa Hindoe* djenenganana *Sri Djajaboepati*, anoe ngagelarkeun andjeun „radja anoe moerba ka sakabèh noe koemelp”, njembahna ka Dèwa Wisnoe, sasama „*Radja Erlangga*”.

Djaman harita Radja Hindoe di Djawa tengah (Hindoe Mataram) geus tiarem, tapi timboel deui di Djawa wètan karadjaan Anjar; radja noe pangmashoerna djenenganana *Radja Erlangga* (1019—1042).

Ari pernahna dajehna éta karadjaan Soenda, tèa di Tjibadak, Soekaboemi, sabab di sisi Tjitjatih aja batœ toelis pangèling-ngèling ka hidji radja, basana basa Kawi. Legana djadjahanana éta karadjaan teu diseboetkeun.

Dina windoe ka 12 atawa ka 13 karadjaan Pasoendan nepi ka Laoet Djawa. Tjeuk hidji oerang Tjina di dinja aja hidji palaboean, tepi djelema-djelema teu waranieun handjat ka darat lantaran sieun rampog, kawantoe pamaréntahanana djaman harita teu oeroes kènèh. Ari hasil tanah harita rëa pisan: tjabè areuj (maritja) noe aloes, tiwoe, katjang, bontèng djeung tèrong.

Awèwè lalaki oerang Soenda djaman harita marakè samping saroeng, boeoezna pondok djeung pikeun tempat tjitjingna geus baroga imah. Ari imahna bangoenna tjara imah-imah di Priangan ajeuna, ari ajana di sisi waloengan. Hateupna daoen kalapa (kiraj).

Pangkèng-pangkèng di djero imah dibilik koe papan, mageuhanana koe tali hoè. Djaman harita noe djadi Radja di Madjapait djenenganana Kartanagara (1268—1292).

Bisa djadi tanah Soenda harita henteu dibawah parèntah koe Madjapait, sabab henteu aja hidji babad anoe nerangkeun hal èta.

Aja ogè oerang Tjina anoe nerangkeun, jèn samèmèh windoe ka 12 ataw ka 13 tanah Soenda kabawah ka Palèmbang.

Edas! èstoe poèk kaajaan tanah oerang djaman harita.

Nagara Pasoendan noe dajehna deukeut Tjibadak tèa ogè les teu aja deui bèdjana, koemaha teroesna, iraha boerakna.

Djol deui di sèdjèn tempat aja patilasan-patilasan, tjiri-tjiri karadjaan baheula, nja èta di Galoeh, Koeningan, Kawali djeung Pandjaloe.

Di Pandjaloe baheula aja hidji dano gedè. Eta tempat kaseboet ogè ngaranna dina batoe anoe ditoelis taoen 1194.

Kadjaba ti èta patilasan-patilasan di wewengkon èta aja pirang-pirang artja laleutik djaman Hindoe, batoe perhiasan koeboeran-koeboeran djeung rëa tilas-tilas patapan. Aja hidji patapan anoe njang-ggirkeun balong ajana sisi djalan gedè anoe ti Tjilimoës ka Koeningan. Aja deui hidji patapan di Goenoeng Pa-

dang toetoeagan Goenoeng Sawal deukeut Tasikmalaja. Noeroetkeun dongèng-na kolot-kolot didinja patilasanana panglinggihan hidji radja anoe djenengan Ratoe Poesaka, anoe ngadamel karadjaan Galoeh. Nepi ka mana bawahanana karadjaan Galoeh teu aja noe terang. Bisa djadi ogè tjeuk Boedjangga-boedjangga, Bekasih wètaneun Batawi kabawah karadjaan.

Saloegajna tina ngeréh nagara, Ratoe Poesaka toeloej ngabagawan, tatapa di Goenoeng Padang djenenganana diganti djadi Pandita Adjar Soekaresi hartina Pandita anoe gentoer tapa.

Dina bangsa dongèng kolot-kolot ieu Pandita katjida mashoerna, beunang di-seboet oenggal djelema pada terang, kawantoe sok dipantoeunkeun dina lalakan Tjioengwanana. Tapi ka mana tjor-tjorana teu aja noe terang.

Kadjaba ti Radja Galoeh aja deui radja noe sèdjèn, nja eta:

Radja Wastoe Kantjana, tjeuk tjarita andjeunna ngadamel hidji nagara merdika (teu kabawah ka mana-mana), dina ahir windoe ka 13 atawa awal windoe ka 14 Ngaran dajehna Djajagiri? djeung Soenda Sembawa? lilana djoemeneng radja 22 taoen.

Noeroetkeun timbangan Boedjangga, ngingetkeun kana ngaran dajeh Soenda Sambawa Radja Wastoe Kantjana, kawas-kawasna djadina radja di karadjaan Pasoendan deukeut Tjibadak tèa. Kawasna djadina radja nepi ka taoen 1030.

Tapi hal ieu kakara dikira-kira baè, sabab masih poèk: kapan Radja Wastoe Kantjana njeun nagara dina ahir windoe ka 13, kapan djadi Radja di Pasoendan nepi ka taoen 1030. Ieu langkoeng matak bingoeung.

Radja Wastoe Kantjana diganti koe Radja Kiding.

Koe ahli babad henteu diterangkeun benar-benar èta Radja Keding tèh poetra Wastoe Kantjana atawa lain? atawa toeroenanana baè?

Ngan ditjaritakeun sanggeus 10 taen Radja Kiding djadina radja toeloej diganti koe poetra djenengan Praboe Wangi ata-

Hy rothees ahuis
santes sans preme
c'est du roman
de l'histoire romaine

meu ve?

wa Siliwangi atawa diseboet Praboe Maha Radja.

Dina taoen 1350 Praboe Siliwangi mangkoe karadjaan. Sanggeus 7 taoen dja-dina radja, andjeunna dikaniaja deungeun, lantaran andjeunna kagoengan hidji poetra istri.

Kieu tjaritana:

Radja Madjapait noe pang mashaerna nja eta radja noe kalima anoe djenengan *Hajam Woeroek (Sri Radjasanagara)*, djadina radja di taoen 1350—1389. Ari papatihna, nja eta anoe djenengan *Patih Gadjahmada* noe kamashoer pinter tea toekang naloek naloekkeun ka mana-mana. Waktoe harita beunang diseboet sakabeh tanah Hindia kaeréh ka Madjapait. Tapi tanah Soenda tatjan. Kawasna baè geus aja dina notesna Patih Gadjahmada, jèn tanah Pasoendan ogè baris ditaloekkeun. Tapi *Praboe Hajam Woeroek* teu aja dawoehanana miwarang naloekkeun, anggoer

nèangan akal pikeun ngaraketkeun koelawarga antara nagara Madjapait djeung tanah Pasoendan, nja eta andjeunna miwarang ngalamar poetrana Radja Pasoendan, poetra Praboe Siliwangi, anoe djenegeanana poetri Tohaän (?) Anoe dipiwarang ngalamar nja *Radèn Patih Gadjahmada*. Kawasna baè djoeragan Patih dipiwarang ngalamar: tèh rada ati moengkir beungeut njanghareup, tina banget henteu doa. Ngagoegoe sotèh bawaning koe isin baè. Sababna nja eta doemèh geus aja dina angen-angen andjeunna, jèn tanah Pasoendan baris ditaloekkeun tea; ari ajeunabet Radja Madjapait aja manahna kitoe. Geus katjipta koe Patih tangtoe matak djadi kagok kana ngalaksanakeun karepana tea.

Oerang boeroe gantjangna baè Patih Gadjahmada geus soemping ka Pasoendan sarta panglamarna ditampi koe Radja Pasoendan.

(Baris disamboeng).
P.



Ti wa	
Novembe	
langanar	
No. 232	
	339
	78
	465
	363
	489
	98
	237
	284
	44
	453
	24
	105
	280
	408
	1
	39
	179
	346
	482
	493
	104
	107
	250
	57
	22
	502



Artos Langganan P. S.

Ti wangkid ping 3 November d. k. 18 November 1922, parantos nampi artos langganan ti Djoeragan-Djoeragan.

- No. 232 Djoer. Soetisna Sendjaja Tsm.
 339 M. Wirapoetra Poengkoer 75 Bd.
 78 R. Soemardjo Soemedang.
 465 M. O. Kartamihardja Soekaboemi
 363 Djoer. Soetadisastra Wadana Anjar.
 489 Rd. Djajadipoera Koeningan.
 98 Rd. Koko Ond. Koeningan.
 237 Rd. Danoeatmadja Weltevreden.
 284 Rd. Kartadinata S. O. Bogor.
 44 Rd. H. Soemadi Pradja Bogor.
 453 M. Kartapradja Welt.
 24 T. Md. Achsan Pedjambon.
 105 T. Roesjan Welt.
 280 Djoer. Oewen Band.
 408 M. E. Soetaatmadja Dep. Fin.
 1 M. Winata di karta (5 langganan) Tjitjados.
 39 Rd. H. Tirtaamidjaja Semarang.
 179 Djoer. Justoes Salim Pangharepan.
 346 M. Soemantaredja Band.
 482 Djoer. Hoesnasasmita Poewakarta.
 493 Rd. Koesoemadinata Wadana Paroeng.
 104 Rd. Bakrie Soerabaja.
 107 Djoer. K. Karnadidjaja Bandoeng.
 250 R. Asik Natanagara Tjiandjoer.
 57 Djoer Nataatmadja S. O. Tjiandjoer.
 22. Djoer. S. Sasmitaatmadja Bd.
 502 Rd. Rg. Karnabrata Patih Soekaboemi.

- 23 S. Kartawiria Ond. Laboean.
 414 Rd. Anggawinata Wadana Tjikatomas.
 81 Djoer. Sri Saleh, Rangkas.
 561 Rd. Raksawidjaja Tjililin.
 562 M. Sasraprawira S. O. Soekana-gara.
 M. Astradiredja Ond. Singadjaja.
 18 M. Natadisastra Ond. Bogor.
 162 M. Wiriadisastra Madjalengka.
 252 R. K. Soerakoesoemah Band.
 404 Djoer. Hidajat Land. Leeraar.
 215 Rd. Prawiredja Tjiawi.
 566 Djoer Odang H. Ond. Tjidaoen.
 322 Rd. Danoemihardjo Tjimalaka.
 38 Rd. Wirasoemantri Madja.
 226 Rd. Memod Tasikmalaja.
 567 Ms. Kd. Kartaatmadja Pangan-daran.
 207 Djoer. Sastraprawira Tasik.
 51 Djoer. Soeparmaatmadja Pandeglang.
 464 Djoer. The Goan Heng Tagoapoe.
 17 Rd. Wirahardja Tjikadjang.
 352 Rd. Rg. Natawijoga Wadana Tjikadjang.
 Mas Natawiria?
 79 Mas Djajasoeganda Soemedang.
 285 Rd. Soejoed Tandjoengsari.
 71 Rd. Ardiwidjaja Wadana Pameungpeuk.
 568 Rd. Djajamihardja Poetradjawa.
 E. Soedjana moerid N. S. Serang f 23.—
 84 Chr. H. I. S. Garoet.
 57 M. J. Adiwinata Band.
 138 Rd. Joedawinata M. G. Tjisaga.
 11. Djoer. Jossio Kassin Tjiandjoer.
 52 M. Soerajoeda Menes.
 33. R. Mangoenprawiro Tjiamis
 263 M. Martadiredja Djaksa Koeningan.
 71 Rd. Ardiwidjaja Wadana Pameungpeuk.

- 568 Rd. Djajamihardja Poetradjawa.
 E. Soedjana moerid N. S. Serang
 f 23.—
 84 Chr. H. I. S. Garoet.
 57 M. J. Adiwinata Band.
 138 Rd. Joedawinata Tjisaga.
 11 Djoer. Josia Kassar Tjiandjoer.
 52 M. Soerajoeda Menes.
 33. R. Mangoenprawira Tjiamis.
 263' M. Martadiredja Djaksa Koeni-
 ngan.
 114 R. Djajadiredja Bandoeng.
 73 R. S. Tjondrokoesoemo Pande-
 glang. é
 124 Djoer. Empoe, Tomo.
 108 S. Prawirawinata Tjimahi.
 32 Rd. Wiradikoesoemah Poerwa-
 karta.
 266 Raden Karta Brata Bandoeng.
 388 M. Hardjasoearga Sindangba-
 bang.
 47 Djoer. Sastradipoera Soekaboemi.
 126 M. Poerawidjaja Bajongbong.
 563 M. Bandar Leles.

Redaksi oendjoek noehoen ka sadaja
 anoe merloekeun ngintoen pibajoeun P. S.

Pihatoer Redaktie

Koe margi waragad Poesaka-Soenda oeng-
 gal-oenggal sasih sanès saeutik, nja éta keur
 majar ka kantor tjitak, keur mèsèr parangko,
 majar pangaos gambar-gambar, sareng djaba-
 ti éta, djadi perloe pisan artos langganan
 ènggal katampi koe Redaktie. Oepami artos
 langganan anoe *moeng f 3.— tiloe roepia teu*
sataoen, teu ènggal dikintoenkeun, atoh
 sami sareng Poesaka Soenda *dipepet napas*.

Soepados longsong ngambekanana P. S.
 kapaksa badè ngèlèhan manèh *moal dongkap*
deui ka anoe teu kersa merloekeun ngaba-
 joean, diombèran dongkap ka *pananggalan*
sasih December ieu.

Soegri anoe teu majar samèmèh 15 De-
 cember, moal dikintoen deui P. S. sareng
 baris ditagih koe *postkwitantie*.

Koe margi éta sanget panoehoen Redaktie
 soepados soegri anoe teu atjan ngintoen-
 keun artos langganan moegi ènggal-ènggal
 ngintoenan, dianos doegi ka *pananggalan*
 sasih December.